

Nitrous Oxide Patient Education

Kisa li ye egzatemman? Nitrous Oxide yo itilize pou doule akouchman se yon melang 50% gaz nitrous ak 50% oksijèn yo respire nan yon mask oswa yon pyès fi a mete nan bouch li pou l pran lè li vle. Gen yon vèsyon Nitrous Oxide yo itilize anpil nan klinik dantè yo, kote pifò moun konnen li tankou "laughing gas - gaz ki fè moun ri". Melanj yo itilize pou fanm k ap akouche a **diferan**, e yo pa gen menm efè, paske li pa anestezi. Doule a ka toujou egziste pou kèk fanm men gaz la dwe diminye entansite doule a. Yo te konn, e toujou itilize l anpil nan Kanada ak Ewòp pou doule akouchman.

Kijan li travay? Ou kenbe mask ou oswa yon pyès nan bouch ou epi ou kòmanse rale melanj gaz la pou apeprè 30 segonn avan kontraksyon an kòmanse. Kòmanse rale l avan kontraksyon an ede gaz la rive nan pik li nan menm lè kontraksyon an rive nan pik pa li poul bay yon pibon soulajman.

Èske li pa gen okenn efè segondè? Kèk fanm fè konnen kè yo plen apre yo fin itilize l pou yon bon bout tan; gen remèd pou kè plen ki disponib si sa ta rive. Li ka lakoz kèk enstabilite tou lè w kanpe, se sak fè toujou dwe gen yon fanmi oswa manm pèsònèl la nan chanm nan lè ou ta renmen soti sou chèz oswa kabann, nan ka kote ou ta bwzwen èd.

Èske dwe gen plis siveyans? Pa gen okenn siveyans siplemantè ki obligatwa lè y ap itilize Nitrous Oxide.

Èske mwen bezwen yon Sewòm? Non. Li pa nesesè pou w pran yon sewòm lè w ap itilize Nitrous Oxide

Èske mwen ka ap itilize Nitrous pandan m ap pran nakotik nan venn? Non, konbinezon nakotik ak Nitrous ka desann respirasyon w kidonk yo pa dwe itilize yo ansanm.

Èske mwen ka itilize Nitrous la nan basen an? WiYeWi, sepandan, n ap bezwen asire nou konnen kijan kò w pral reponn ak Nitrous la avan yo kòmanse before idwoterapi a.

Èske gen nenpòt rezon ki fè mwen paka itilize l? Wi – ou paka itilize l si w:

- paka kenbe pati ki nan bouch ou a oswa mask pou figi a;
- te resevwa yon dòz nakotik nan de èdtan ki sot pase yo;
- gen anemi ki danjere oswa defizi vitamin B12 ki fè w ap pran sipleman;

Èske pa gen okenn move efè sou bebe a? Non, yo pa konnen li gen efè sou bebe a. Nitrous se sèl metòd pou soulaje doule yo itilize pou moun k ap akouche ki soti nan kò a atravè poumon yo, kidonk depi ou retire mask la efè Nitrous la ale avèk youn oswa de respirasyon.

Èske mwen ka chwazi ant sèvi ak Nitrous Oxide OSWA pran yon epidural? Non. Kèk fanm ka itilize Nitrous avan pou yo mete yon epidural. Byenke yo p ap itilize yo ansanm, li ok pou yto itilize Nitrous la avan, epi itilize yon lòt kalite remèd pou doule si w panse ou bezwen chanje pou yon lòt bagay.